

Endikatè Rezilta Pòs-Segondè

Tranzisyon de lekòl a lavi granmoun mande kolaborasyon ak planifikasyon plizyè aktè. Elèv, manb fanmi, pwofesè, lekòl, distri lekòl yo ak ajans kominotè yo travay ansanm pou sipòte reyisit elèv yo. Pou ede elèv yo nan preparasyon pou lavi aprè yo fini lekòl, chèchè yo idantifye endikatè ki annapre yo ki deja fè prèv yo epi bay rezilta lè elèv yo fini lekòl, sa gen ladann edikasyon/fòmasyon pòs-segondè, travay epi viv

endepandan.

Pou elèv ki genyen yon plan edikasyon endividyèl (IEP), lalwa nan Florida mande pou koòmanse planifye apati laj 12 zan epi defini

tranzisyon kòm etan "yon seri aktivite kowòdone" ki la pou fè pwomosyon pasasyon de lavi elèv a lavi granmoun. Ozanviwon laj 14 zan, chak reyinyon IEP dwe gen diskisyon ak idantifikasyon objektif pòs-segondè ki gen rapò ak edikasyon, travay e li ka gen kèk teknik pou viv endepandan. Toutpandan w ap fè chwa ki gen rapò ak avni w antanke elèv e tranzisyon de lekòl a lavi granmoun, konsidere epi diskite sou fason pou w itilize endikatè sa yo pou w sipòte elèv ou a pandan vwayaj sa.

Endikatè #1 Sansibilizasyon pou yon Karyè

Sansibilizasyon Karyè se aprantisaj konsènan opòtinite, edikasyon ak konpetans ki nesèsè pou chwazi yon karyè ki koresponn ak pwen fò yon moun ak sa ki entereze l.

Kèk ide pou Fanmi yo

- + Diskite sou konpetans ak kalifikasyon ki nesèsè pou karyè ki entereze elèv ou a.
- + Diskite sou rapò ki genyen ant konpetans akademik elèv ou a ap aprann yo ak karyè ki mande pou w gen konpetans sa yo.



Endikatè #2: Karyè ak Ansèyman Teknik

Lekòl pwofesyonèl yo bay yon seri kou ki prepare elèv yo pou yon djòb oswa yon karyè byen presi.

Kèk ide pou Fanmi yo

- + Mande enfòmasyon sou pwogram ak opòtinite pou gen sètifika nan kèk domèn (pa egzanp, Asistan Enfimyè Sètifye, Soudi, Sètifika Preparatè Manje).
- + Pale ak elèv ou a konsènan edikasyon/fòmasyon pòs-segondè ak/oswa opsyon pou travay; planifye pou vizite lekòl karyè ak ansèyman teknik ki nan zòn ou an.
- + Aprann konsènan sèvis sipò yo bay tankou Reyadaptasyon Pwofesyonèl (VR) ak sèvis pou andikape.



Endikatè #3: Eksperyans Kominotè

Eksperyans Kominotè yo se aktivite ki fèt andeyò lekòl la, ki kore ak ansèyman nan klas, kote elèv yo ap aplike pratik ak teknik travay akademik, sosyal ak/oswa an jeneral. Kèk ide pou Fanmi yo

- + Konsidere enstriksyon elèv ou a ka bezwen pou l pran yon bis, taksi oswa transpò an komen epi fason li pral vwayaje nan tout kominote a poukont li.



Endikatè #4: Domèn Etid (Pwogram Etid)

Yon domèn etid (CoS) se yon seri kou endividyalize ak pwogram ki fèt pou devlope mennen nan reyisit akademik ak fonksyonèl yon elèv pou soutni reyalizasyon objektif pòs-segondè li genyen yo.

Kèk ide pou Fanmi yo

- + Asire w CoS la kreye yon wout pou elèv ou a rive atenn objektif pòs-segondè l yo.
- + Revize tout opsyon yo ofri nan Florida pou elèv ou a rive genyen yon diplòm estanda.



Endikatè #5: Egzijans Egzamen Final/Statè Diplòm Segondè



Egzamen final yo se kèk tès estandadize leta bay ki mezire nivo konpetans nan matyè, tankou Aljèb oswa Anglè ke elèv yo dwe pase pou rive genyen yon diplòm segondè. Ou vin gen diplòm nan lè w ranpli tout kondisyon eta k ap bay diplòm nan mete, sa gen ladann konplete kou ki nesèsè yo ki mennen nan gradyasyon elèv la te chwazi a, tankou 24-kredi, 18-kredi ak merit oswa enskripsyon nan inivèsite.

Kèk ide pou Fanmi yo

+ Idantifye konpetans etid ak estrateji pase-tès elèv ou a ka bezwen devlope epi pratike.

Endikatè #6: Etabli-Objektif



Elèv ki patisipe nan etabli-objektif ap pi vit angaje yo nan aktivite pòs-segondè tankou edikasyon, travay ak viv endepandan.

Kèk ide pou Fanmi yo

+ Konsidere pratike etabli-objektif lakay lè w idantifye yon objektif; bati yon plan oswa divize objektif la an plizyè ti etap ki nesèsè pou atenn objektif la; suiv plan an epi atenn objektif la. Kòmanse ak yon objektif ki senp epi tikras pa tikras bati objektif ki ka mande plis tan ak plis detèminasyon pou atenn yo.

Endikatè #7: Enklizyon nan Edikasyon an Jeneral



Enklizyon nan edikasyon an jeneral mande pou elèv ki andikape yo jwenn aksè ak pwogram edikasyon an jeneral epi patisipe nan kou ki bay yo an jeneral ansanm ak elèv parèy yo ki andikape.

Kèk ide pou Fanmi yo

+ Mande si yo itilize nenpòt estrateji nan klas edikasyon an jeneral elèv ou a, sa gen ladann enstriksyon diferansye, estrateji aprantisaj, konpetans etid, konpetans òganizasyonèl, konpetans jesyon pèsònèl ak Universal Design for Learning (UDL).

+ Eksplòre tout opòtinite pou elèv ou a jwenn edikasyon nan paramèt enklizyon yo.

Endikatè #8: Kolaborasyon ant Ajans



Kolaborasyon ant ajans se yon pwosesis klè, ki itil e ki byen fèt ki la pou ankouraje kolaborasyon nan mitan ajans ak pwogram yo pou soutni rezilta jèn yo.

Kèk ide pou Fanmi yo

+ Mande si genyen ajans ki ka bay sipò anplis pou elèv ou a, tankou Vocational Rehabilitation, CareerSource, Agency for Persons with Disabilities (APD), Division of Blind Services (DBS), Family Network on Disabilities (FND), Centers for Independent Living (CIL) ansanm ak Florida Coordinating Council for the Deaf and Hard of Hearing (FCCDHH).

Endikatè #9: Kou Pwofesyonèl




Kou pwofesyonèl yo se kou endividyalize ki sipòte sansibilizasyon karyè, ki pèmèt elèv yo eksplòre diferan karyè epi devlope konpetans travay atravè eksperyans ak ansèyman ki chita sou objektif travay yo te chwazi yo.

Kèk ide pou Fanmi yo

+ Mande konsènan kou pwofesyonèl ke yo ofri elèv ou a.

+ Ede elèv ou a detèmine kou pwofesyonèl ki enterese l.

Endikatè #10: Travay ki Peye/ Eksperyans Travay



Eksperyans travay se nenpòt aktivite ki mete elèv la nan yon vrè anvwonman travay, e ki ka gen ladann: echantiyon travay, obsèvasyon nan travay, staj, aprantisaj ak travay ki peye. Travay ki peye ka gen ladann travay estanda nan yon konpayi/òganizasyon oswa kèk travay pèsonalize ki negosye ak moun ki bay travay la, men aktivite sa yo toujou gen yon salè konpetitif (salè minimòm oswa plis) ke moun ki bay travay la peye elèv la dirèkteman.

Kèk ide pou Fanmi yo

- + Mande konsènan opòtinite pou elèv ou patisipe nan obsèvasyon nan travay, etid-travay, aprantisaj oswa staj.
- + Nan laj 14 - 21 lane fè kontak ak Vocational Rehabilitation (VR) pou sèvis tranzisyon avan travay (Pre-ETS) ki gen ladann fòmasyon ki prepare pou travay, eksperyans aprantisaj nan travay ak plis toujou

Endikatè #11: Sa Paran yo Atann



Gen yon relasyon pozitif ant paran ki atann anpil bagay pou elèv yo ak rezilta pozitif aprè lekòl. Elèv ki andikape yo ke paran yo atann pou yo jwenn yon travay, al nan kolèj epi/oswa kapab okipe tèt yo poukont yo ap pi vit jwenn travay e gen aksè ak plis edikasyon.

Kèk ide pou Fanmi yo

- + Kwè nan kapasite elèv ou a pou l reyisi.
- + Defann opòtinite ak sèvis elèv ou a bezwen pou l aktif nan lavi a epi atenn pi bon rezilta li kapab.

Endikatè #12: Enplikasyon Paran/Fanmi

Enplikasyon Paran vle di paran/fanmi/responsab yo se patisipan aktif nan tout aspè nan planifye, sipòte epi defann elèv yo a pandan tranzisyon an.

Kèk ide pou Fanmi yo

- + Mande plis enfòmasyon konsènan pwosesis tranzisyon an.
- + Jwenn sipò rezo ki gen lòt paran ak gwoup k ap defann.
- + Mande diferan opsyon pou enplikasyon epi varye fason yo ka bay koutmen nan pwosesis planifikasyon tranzisyon an, tankou koutmen nan planifikasyon IEP ak fleksibilite pou reyinyon IEP. Asire w ou pataje epi diskite kote elèv ou a gen fòs ak kote li mande plis atansyon pandan IEP a.
- + Fasilite yon relasyon amikal ak lekòl la lè w kominike pa mwayen imèl epi lè w asiste reyinyon IEP yo regilyèman. Asiste lòt reyinyon ki planifye epi patisipe nan aktivite lekòl la, tankou salon pou karyè ak jounen pòt louvri.
- + Mande plis enfòmasyon konsènan sèvis ak sipò pou granmoun nan kominote a pou ede nan planifikasyon aprè lekòl tankou Vocational Rehabilitation, resous sante mantal, opsyon edikasyon pòs-segondè ak lòt sipò.
- + Pataje ak staf lekòl la valè kiltirèl ki enpòtan pou fanmi w.
- + Chèche konnen si distri lekòl ou a gen yon konsèy tranzisyon ant ajans epi mande si w ka patisipe.
- + Mande fason w kapab sipòte elèv ou a pou l rive atenn objektif pòs-segondè li ta swete yo.
- + Asire w ou byen konprann rezilta evalyasyon tranzisyon an yon fason pou w ka itilize enfòmasyon sa yo epi jwenn yon sipò natirèl pou elèv ou a lakay li ak nan kominote a.



Endikatè #13: Otonomizasyon Sikolojik

Otonomizasyon Sikolojik se yon konpozan nan detèminasyon pèsònèl ki vle di ou kwè gen yon koneksyon reyèl ant abitud yon moun ak rezilta sa pote.

Kèk ide pou Fanmi yo

+ Demontre ou gen konfyans nan relasyon ki genyen ant aksyon w ak rezilta aksyon w (pa egzanp, lè w fè bidjè lajan pou aktivite fanmi w, tout moun pase yon bon sware deyò ap gade fim; lè w bati yon orè pou w akonpli tach ou genyen pou semèn nan epi w suiv li, ou rive konplete tout tach ou).

+ Ede elèv ou a wè relasyon ki genyen ant aksyon l ak rezilta li jwenn. Bay elèv ou a asistans pou l wè ke si yon moun pa satisfè ak rezilta yo, kidonk moun sa bezwen chanje aksyon l yo. Sa aplikab pou tout moun.

Endikatè #14: Swen Pèsònèl/Viv Endepandan

Konpetans swen pèsònèl/viv endepandan se konpetans yon moun bezwen pou l jere bezwen pèsònèl li chak jou. Konpetans swen pèsònèl ak viv endepandan gen ladann kapab pran swen pwoblèm sante w, kominike ak lòt moun, jere lajan ak lòt bagay nan domèn finans, tankou peye bil, epi kapab viv endepandan.

Kèk ide pou Fanmi yo

+ Chèche fason pou w ede elèv ou a devlope epi pwogrese nan konpetans pou viv endepandan ki vin annapre yo:

(1) planifikasyon finans, (2) ede tèt ou, (3) fè manje, (4) netwaye kay, (5) fè mentnans nan kay, (6) pran transpò, (7) pran swen rad, (8) aksede a sèvis kominotè yo, (9) jesyon tan/òganizasyonèl, (10) detèminasyon pèsònèl, (11) wòl sosyal/sitwayènte, (12) relasyon kominotè/kamarad, epi (13) panse kritik ak rezoud pwoblèm.

Endikatè #15: Detèminasyon pèsònèl/Defann tèt ou

Detèminasyon pèsònèl se abilite pou fè chwa, rezoud pwoblèm, fikse objektif, evalye opsyon, pran inisyativ pou w atenn objektif yo epi aksepte konsekans aksyon yo.

Kèk ide pou Fanmi yo

+ Mande yon pwosesis IEP kote elèv la ap dirije pou pèmèt li bay prèv li konn tèt li, fikse objektif, rezoud pwoblèm epi defann tèt li.

+ Kominike ak pwofesè yo pou asire w ke elèv la jwenn opòtinite pou l pratike konpetans kote l ap pran desizyon.

+ Asire w elèv ou a gen yon fason pou l kominike yon fason pou l angaje l nan pran desizyon, rezoud pwoblèm, fikse objektif epi aksepte responsablite aksyon l poze. Mande èd si w bezwen asistans teknoloji (AT) pou ede nan domèn kominikasyon.

+ Mande pou w itilize evalyasyon tranzisyon ki adapte ak laj yon fason pou elèv ou a ka aprann plis sou tèt li.

+ Ede elèv ou a pou l devlope kapasite pou l konn tèt li byen lè l gen diskisyon ki onèt ak respè konsènan rezilta evalyasyon tranzisyon l yo.

+ Mande enstriksyon dirèk sou detèminasyon pèsònèl pou elèv ou a.

+ Sipòte devlopman kapasite lidèchip elèv ou a.

+ Atann epi sipòte elèv ou a pou l fè plizyè chwa pa woutin pou tèt li pandan jounen an.

+ Travay an kolaborasyon ak pèsònèl lekòl la ansanm ak elèv ou a pou ede elèv ou a atenn objektif li te fikse yo.

+ Asire w elèv ou a konprann opsyon ki disponib yo e ki konsekans chwa l yo ka genyen.

Endikatè #16: Reyalizasyon Pèsonèl

Reyalizasyon pèsonèl gen rapò ak konpozan detèminasyon pèsonèl, konn tèt ou/konesans pèsonèl, e preziman sa fè referans ak konpreyansyon pwen fò yon moun epi sipò li bezwen.

Kèk ide pou Fanmi yo

+ Ede elèv ou a rekonèt ke tout moun gen pwen fò epi bezwen sipò. Montre yo ou konn pwen fò pa w yo e ki kote w bezwen sipò.

+ Chèche jwenn fason pou elèv ou a sèvi ak pwen fò l yo pi souvan.

+ Ede elèv ou a pou l resevwa epi itilize sipò yo san pwoblèm.

Endikatè #17: Konpetans Sosyal

Konpetans sosyal se abitud ak atitud ki ede nan devlopman relasyon ki pozitif ak lòt moun atravè kominikasyon ak kowoperasyon. Konpetans sosyal gen ladann rezoud pwoblèm lè w angaje nan entèraksyon sosyal, langaj kòporèl, pale, koute epi reponn aloral, alekri oswa pa mwayen lòt fòm kominikasyon.

Kèk ide pou Fanmi yo

+ Bay elèv ou a opòtinite pou l pratike kominikasyon anndan plizyè paramèt ak sitiyasyon ki gen ladann konvèsasyon endividyèl e an gwoup, negosyasyon epi rezolisyon konfli.

+ Ede elèv ou a pou l itilize konpetans pou rezoud pwoblèm lè gen sitiyasyon difisil ki prezante.

Endikatè #18: Sipò Elèv

Sipò elèv se rezo moun, tankou fanmi, zanmi, pwofesè ak founisè sèvis pou granmoun, ki bay sèvis ak resous dapre plizyè paramèt pou ede elèv yo fè tranzisyon de lavi elèv a lavi granmoun. Rezo moun sa a ki bay elèv yo sipò dwe kenbe nan lespri l objektif pòs-segondè elèv la genyen yo e li dwe okouran de fòs elèv la, preferans li, enterè l ak bezwen l.

Kèk ide pou Fanmi yo

+ Asire w elèv yo jwenn aksè ak bonjan enstriksyon.

+ Mande kiyès ki ka asiste elèv yo nan sa ki vin annapre yo

- Jwenn aksè ak resous asistans teknoloji (AT) ak fòmasyon sou fason pou itilize teknoloji a pou amelyore konpetans akademik yo (lekti, ekriti, matematik) ak konpetans fonksyonèl (abilite motè, abitud, kominikasyon ak konpetans pou etidye, eks.)
- Chèche jwenn sipò pou ede nan transpò, sèvis pou granmoun, antre nan sistèm swen sante a ansanm ak planifikasyon finansye.
- Chèche jwenn yon konseye nan lekòl oswa nan kominote a.
- Bay divès fason elèv la ka patisipe nan kominote a, tankou klèb, gwoup defans, apò, eks.

Endikatè #19: Konpetans Teknoloji

Endikatè konpetans teknoloji a, fè referans ak konpetans enfòmatis e sa konekte yon fason pozitif ak kesyon jwenn travay apre lekòl. Teknoloji enfòmatis ak teknoloji asistans pa sèlman ede elèv yo jwenn yon travay apre lekòl, men sa ede yo tou pou prepare tèt yo pou travay apre lekòl.

Kèk ide pou Fanmi yo

+ Antrene elèv ou a lè w chèche familiarize w ak teknoloji elèv ou a ap itilize nan lekòl.

+ Bay priyorite ak aprann teknoloji ki nesèsè pou kominikasyon ak lòt teknoloji asistans.

+ Idantifye konpetans teknoloji ki ka ede elèv ou a pou l fonksyone yon fason endepandan.

Endikatè #20: Pwogram Tranzisyon

Yon pwogram tranzisyon prepare elèv yo pou pase soti lekòl segondè rive nan lavi granmoun lè yo itilize planifikasyon tranzisyon ak edikasyon pou kreye yon plan pou ede elèv yo atenn objektif pòs-segondè nan edikasyon/fòmasyon, travay ak viv endepandan depi sa nesèsè.

Kèk ide pou Fanmi yo

+ Gade fason yo bay elèv ou a sèvis edikasyon ak tranzisyon yo nan lekòl ak nan kominote a. Defann elèv ou a lè sa nesèsè.

+ Daprè bezwen elèv ou a, mande enstriksyon sou kesyon viv endepandan an.

+ Chèche konnen rekòmasyon ki vin annapre yo nan lekòl ki fèt pou bay elèv andikape yo edikasyon ant 14 - 21 lane:

- Ofri yon pwogram etid ak yon ansèyman endividyalize ki chita sou tranzisyon e ki baze sou objektif pòs-segondè nan edikasyon/fòmasyon pòs-segondè, travay ak viv endepandan.
- Ofri enstriksyon ak fòmasyon nan anviwònman natirèl ki kore ak enstriksyon nan klas.
- Ofri sèvis tranzisyon endividyalize k ap ede atenn objektif pòs-segondè elèv yo nan edikasyon/fòmasyon pòs-segondè, travay ak viv endepandan.
- Ofri opòtinite pou diskite ak kamarad ki pa andikape nan lekòl ak nan kominote a.
- Itilize kolaborasyon ant ajans ansanm ak wòl ki defini byen klè ak responsablite pou ofri sèvis tranzisyon ki kowòdone atravè plizyè entèvenan nan nivo elèv-, lekòl-, distri-, rejyon- ak eta pou ede elèv yo atenn objektif pòs-segondè yo genyen.
- Siveye epi evalye pwogrè elèv yo dan domèn akademik, lavi chak jou, pèsonèl ak sosyal, epi pwofesyonèl. Itilize plizyè evalyasyon nan divès domèn nan diferan moman pou detèmine pwogrè elèv yo epi ede ekip IEP yo nan planifikasyon aprè lekòl.
- Ofri fòmasyon ak resous pou fanmi yo yon fason pou enplike yo nan planifikasyon tranzisyon an epi mete yo an kontak ak yon seri ajans ak rezo enfòmasyon pou granmoun ki ta ka bay elèv la ak fanmi l sipò.
- Fè yon evalyasyon pwogram nan pou w rive wè efikasite pwogram tranzisyon an.

Endikatè #21: Konpetans pou Vwayaje

Elèv ki andikape ki te rive vwayaje poukont yo sot lakay yo, tankou al lekòl, al nan magazen oswa kay vwazen, plis ka enplike nan kesyon travay aprè lekòl.

Kèk ide pou Fanmi yo

+ Eseye montre elèv ou a kijan pou l itilize transpò piblik. Mande si lekòl la oswa yon founisè sèvis lokal ofri fòmasyon pou vwayaje.

Endikatè #22: Travay Etid

Yon pwogram travay etid bay elèv yo opòtinitep ou yo aprann atravè eksperyans ki fèt pou devlope konpetans elèv yo, atitud yo ak abitud ki gen rapò ak travay. Pwogram travay etid yo bay edikasyon akademik ak pwofesyonèl.

Kèk ide pou Fanmi yo

+ Mande pou opsyon eksperyans travay ki peye ak sa ki pa peye ni anndan ni deyò lokal inivèsite a ansanm ak opsyon pou w genyen kredi pou lekòl segondè depi w konplete tout sa pwogram nan mande.

Endikatè #23: Otonomi Jenès/Pran Desizyon



Elèv ki demontre plis konpetans nan kesyon endepandan ak pran desizyon, tankou planifye aktivite wikenn, sèvi kòm volontè, pran desizyon epi planifye sou anpil tan poukont yo, plis jwenn edikasyon aprè lekòl.

Kèk ide pou Fanmi yo

- + Bay elèv ou a opòtinite pou l pran pwòp desizyon l.
- + Mete sa elèv ou di nan desizyon w ap pran pou fanmi an depi sa posib.
- + Asire w atitud ou demontre respè tank elèv ou a ap vin plis endepandan.

Resous

Florida Department of Education, Bureau of Exceptional Education and Student Services (BEES): Tranzisyon Segondè

<http://www.fldoe.org/academics/exceptional-student-edu/secondary-transition.stml>

Rezo Fanmi sou Andikap yo

<https://fndusa.org/>

Kreye Wout Mwen Pou Kolèj: Yon Gid pou Elèv ki Andikape yo <http://www.ncwd-youth.info/wp-content/uploads/2016/11/Making-My-Way-through-College-FINAL.pdf>

Kat pou Wout Tranzisyon nan Lekòl

Entèmedyè pou Fanmi yo

<http://project10.info/DPage.php?ID=77#NS138>

Sant PACER: Chanpyon pou Timoun ki Andikape

<https://www.pacer.org/>

Pwojè 10: Sit Entènèt Rezo Ansèyman

Tranzisyon <http://project10.info/>

Pwojè 10: Sit Entènèt Rezo Ansèyman Tranzisyon: Enplikasyon Fanmi <http://project10.info/DPage.php?ID=322>

<http://project10.info/DPage.php?ID=322>

Dezyèm Wout tranzisyon pou Fanmi yo

<http://project10.info/DPage.php?ID=77#NS138>

Reyadaptasyon Pwofesyonèl: Tranzisyon Jenès

<https://www.rehabworks.org/student-youth/youth-transition.html>

Itilize resous sa yo pou sipòte elèv ou a pou kite lekòl ale nan lavi granmoun epi rive atenn objektif pou aprè lekòl li genyen yo.

Yo te adapte dokiman sa a apati de "Predictor Implementation School/District Self-Assessment" ki te devlope pa National Post-School Outcomes Center ansanm ak National Secondary Transition Technical Assistance Center (NSSTAC) an 2013. National Technical Assistance Center on Transition (NTACT) te fè mizajou nan dokiman sa a an 2015, ki disponib nan - <https://transitionta.org/pisa-self-assessment/>
"Dezyèm Endikatè Tranzisyon pou Reyisit Aprè Lekòl: Yon Mizajou sou Baz Rechèch la" dekri twa endikatè yo fenk dekouvri.

<https://journals.sagepub.com/doi/full/10.1177/2165143420959793>



Endikatè ak Rezilta Yo Anonse

Endikatè yo se yon seri pratik ke rechèch demontre ki konekte yon fason pozitif ak rezilta aprè lekòl pou elèv ki andikape. "Baze sou prè" montre nivo koneksyon (korelasyon) ki pi wo a, aprè sa se "baze sou rechèch" epi "ki pwomèt".

| Endikatè | Rezilta Edikasyon | Rezilta Travay | Rezilta Viv Endepandan |
|-------------------------------------|-------------------|------------------|------------------------|
| Sansibilizasyon sou Karyè | Pwometè | Pwometè | |
| Karyè & Edikasyon Teknik | Baze sou rechèch | Baze sou prè | |
| Eksperyans Kominotè | | Pwometè | |
| Domèn Etid | Baze sou rechèch | Baze sou rechèch | |
| Egzamen Final/Estati Diplòm Segondè | | Pwometè | |
| Etabli-Objektif | Baze sou rechèch | Baze sou rechèch | Baze sou rechèch |
| Enklizyon nan Edikasyon an Jeneral | Baze sou rechèch | Baze sou rechèch | Baze sou rechèch |
| Kolaborasyon ant Ajans | Pwometè | Pwometè | |
| Kou Pwofesyonèl | Pwometè | Pwometè | |
| Travay ki Peye/Eksperyans Travay | Baze sou rechèch | Baze sou rechèch | Pwometè |
| Sa Paran yo Atann | Pwometè | Baze sou rechèch | |
| Enplikasyon Paran | | Pwometè | |
| Otonomizasyon Sikolojik | Pwometè | Pwometè | Pwometè |
| Swen Pèsonèl/Viv Endepandan | Pwometè | Pwometè | Baze sou rechèch |
| Detèminasyon pèsonèl/Defann tèt ou | Baze sou rechèch | Baze sou rechèch | Pwometè |
| Reyalizasyon Pèsonèl | | Pwometè | Pwometè |
| Konpetans Sosyal | Pwometè | Pwometè | |
| Sipò Elèv | Pwometè | Baze sou rechèch | Pwometè |
| Konpetans Teknoloji | | Pwometè | |
| Pwogram Tranzisyon | Baze sou rechèch | Pwometè | |
| Konpetans pou Vwayaje | | Pwometè | |
| Travay Etid | | Baze sou rechèch | |
| Otonomi Jenès/Pran Desizyon | Baze sou rechèch | Baze sou rechèch | Pwometè |